


Vaksen Bivalan COVID-19 yo:

Sa ou dwe konnen



Tout viris yo chanje apre yon tan, epi sila ki lakòz COVID-19 la ladan tou. Pafwa chanjman sa yo fòme yon nouvo vèsyon viris la, tankou varyant Omicron an. Lè w resevwa vaksen ki pi ajou a, sa kapab ede pwoteje w kont nouvo vèsyon viris COVID-19 la epi anpeche w entène lopital, ak lanmò.

Kisa yon vaksen bivalan ye epi poukisa li diferan ak lòt vaksen yo?

Yo fè vaksen (bivalan) mizajou yo pou yo goumen kont viris orijinal la epitou kont varyant Omicron yo.

Poukisa mwen ta dwe pran yon lòt vaksen ankò?

Moun ki te pran vaksen boustè bivalan an gen yon risk ki pi piti pou yo entène lopital, ak pou lanmò akòz COVID-19. Yo ofri moun ki gen 65 lane oswa plis oubyen ki gen yon sistèm iminitè fèb yon dezyèm boustè bivalan paske yo gen plis risk pou yo vin malad gravman.

Kiyès ki ta dwe pran vaksen mizajou a?

- Granmoun epi timoun laj 6 mwa oswa plis ki te vaksinen men ki poko resevwa yon dòz nan vaksen mizajou a.
- Granmoun epi timoun laj 6 mwa oswa plis ki pa te vaksinen ditou.
- Timoun ki gen laj mwens pase 5 lane ki pa te vaksinen ditou ka bezwen plis pase yon sèl dòz. Verifye avèk yon founisè swen sante.

Kimoun ki kalifye pou yon dezyèm vaksen mizajou?

Moun ki gen laj 65 lane oswa plis epi moun ki gen defisyans sistèm iminitè gendwa kalifye pou yon dezyèm boustè bivalan, selon lè yo te resevwa dènye vaksen yo a epi yo ta dwe verifye avèk yon founisè swen sante.

Si mwen te gen COVID-19 nan 90 jou ki sot pase yo, èske mwen dwe tann pou m resevwa vaksen mwen an?

Si w jèn epi w ansante, ou ta ka konsidere pou w tann kèk mwa depi dènye enfeksyon w lan oswa depi dènye vaksen w lan. Moun ki gen pi gwo risk yo ta dwe pran vaksen mizajou yo a byen vit dèke yo kalifye pou redui risk pou pwoblèm grav nan maladi COVID-19 la. Ou ka trape COVID-19 la plis pase yon fwa, kidonk li enpòtan pou w pran yon vaksen menm si ou te gen COVID-19 deja.

Èske mwen ka melanje ak matche boustè a avèk vaksen mwen te pran anvan yo? Èske gen yon mak boustè ki pi bon?

Tout vaksen ak boustè FDA otorize yo san danje epi yo efikas. Nenpòt moun ki pi gran pase 6 lane ka pran nenpòt mak pou vaksen mizajou yo a.

Pou plis enfòmasyon vizite:

<https://bit.ly/COVIDboosterPHL>

Avril 2023



Department of
Public Health
CITY OF PHILADELPHIA

